

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan nu digunakeun pikeun ngahontal tujuan gumantung kana tujuan panalungtikan sarta sipat masalah nu digarap. Dumasar katerangan, dina ieu panalungtikan digunakeun méthode déskriptif. Ajén-inajén nu nyangkaruk dina tradisi upacara adat Ngalaksa dipedar kalawan méréle tur jéntré.

3.2 Téhnik Panalungtikan

Aya dua téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik analisis data.

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ngumpulkeun data digunakeun sababaraha téhnik ngumpulkeun data, di antarana nya éta téhnik studi pustaka, obsérvasi, jeung wawancara.

Studi pustaka digunakeun pikeun meunangkeun data nu sipatna dokumén (gambar atawa tulisan). Studi pustaka ogé digunakeun pikeun néangan jeung nangtukeun dasar-dasar téoritis nu aya patula-patalina jeung objék panalungtikan.

Obsérvasi nya éta niténan upacara adat Ngalaksa sangkan data anu dicangking leuwih lengkep tur jéntré. Obsérvasi di dieu penting dilakukeun sangkan bisa meunangkeun data nu teu kacangking dina waktu wawancara atawa studi pustaka.

Wawancara dimaksudkeun pikeun meunangkeun data langsung ti informan nu apal kana upacara adat Ngalaksa sangkan data-data nu kacangking bener-bener akurat.

3.2.2 Téhnik Analisis Data

Sakabéh data tina hasil obsérvasi jeung wawancara satuluyna dikumpulkeun sarta dipasing-pasing pikeun kapentingan panalungtikan. Data anu dianggap ngarojong satuluyna dianalisis dumasar métode panalungtikan nu digunakeun.

3.3 Wangenan Operasional

Aya sababaraha istilah anu perlu dijéntrékeun nu aya patalina jeung panalungtikan sangkan engkéna henteu nimbulkeun salah tafsir.

Judul panalungtikan nya éta *Ajén Sosiologis dina Tradisi Upacara Adat Ngalaksa di Désa Rancakalong Kacamatan Rancakalong Kabupatén Sumedang pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA Kelas XII.*

1) Ajén Sosiologis

Ajén Sosiologis nya éta ma'na nu miboga mangpaat pikeun kahirupan masarakat, ngeunaan tata cara hirup kumbuh di masarakat.

2) Tradisi

Tradisi nya éta aksi jeung paripolah nu alamiah balukar tina pangabutuh nu turun-tumurun.

3) Upacara Adat Ngalaksa

Ngalaksa mangrupa upacara adat di Désa Rancakalong nu dilaksanakeun dina bulan Juli ku cara nyieun hiji kadaharan tina tipung béas (paré) nu dicampur maké kalapa, apu, jeung uyah.

4) Pangajaran Maca

Pangajaran maca nya éta kagiatan diajar-ngajar nu ngagunakeun média bacaan.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan, aya sababaraha bentuk instrumén panalungtikan nu digunakeun, nya éta format obsérvasi, padoman wawancara

1) Format Observasi

Format observasi digunakeun panalungtik dina ngalakukeun obsérvasi sangkan data-data nu dicangking bisa kawatesanan sarta henteu méngpar jauh tina bahasan panalungtikan.

2) Padoman Wawancara

Padoman wawancara digunakeun pikeun patokan, nu mangrupa daptar patalékan nu patali jeung masalah panalungtikan. Runtuyan patalékan wawancara nu kasampak ngan saukur gurat badag tina patalékan di lapangan. Di lapangan mah bisa leuwih ngalegaan. Pikeun nyiptakeun suasana anu leuwih lugina, patalékan-patalékan téh henteu tuluy-tuluyan merekpek, ngabébéak, tapi awor ngahiji dina obrolan nu hampang.

3) *Tape Recorder*

Tape recorder digunakeun pikeun ngarékam carita nu jadi bahan pikeun masalah nu ditalungtik.

4) Kaméra

Kaméra digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun data nu sipatna dokumén.

3.5 **Léngkah-léngkah Panalungtikan**

Gurat badag panalungtikan nu dilakonan kabagi kana sababaraha léngkah panalungtikan, nya éta: tatahar, ngumpulkeun data, ngolah data, jeung nyusun laporan.

3.5.1 **Tatahar**

Kegiatan anu dilaksanakeun dina tahap tatahar ngawengku:

- 1) néangan katerangan ngeunaan masalah anu rék ditalungtik;
- 2) ngajukeun judul panalungtikan;
- 3) nyusun rarancang (proposal panalungtikan); sarta
- 4) konsultasi ka dosén pangaping.

3.5.2 **Ngumpulkeun Data**

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) macaan buku-buku sumber ngeunaan upacara adat jeung buku-buku penunjang séjénna pikeun bahan acuan;

- 2) obsérvasi ka lapangan;
- 3) wawancara ka narasumber;
- 4) ngumpulkeun data; sarta
- 5) konsultasi jeung dosén pangaping.

3.5.3 Nganalisis Data

Kegiatan nu dilaksanakeun ngawengku:

- 1) mariksa jeung ngaidéntifikasi data nu geus kakumpul;
- 2) nganalisis data;
- 3) nyieun kacindekan analisis; sarta
- 4) konsultasi ka dosén pangaping.

3.5.4 Nyusun Laporan

Nyusun laporan mangrupa tahap anu pamungkas tina tahapan panalungtikan. Dina ieu laporan sagala hasil panalungtikan dipidangkeun. Laporan di dieu mangrupa wangun skripsi.

Anapon sistematika dina nyusun ieu laporan, nya éta:

- 1) Bab I Bubuka;
- 2) Bab II Kabudayaan, Ajén Sosiologis, Upacara Adat, jeung Bahan Pangajaran;
- 3) Bab III Métodologi Panalungtikan;

- 4) Bab IV Ajén Sosiologis dina Tradisi Upacara Adat Ngalaksa di Désa Rancakalong Kacamatan Rancakalong Kabupatén Sumedang pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA Kelas XII;
- 5) Bab V Kacindekan jeung Rékoméndasi.

